



PLANTATION MIDDLE SCHOOL
DR. SHERRI N. WILSON, PRINCIPAL
6600 W SUNRISE BLVD., PLANTATION, FLORIDA 33313
(754) 322-4100



Janvye 26, 2021

Pou Paran/Gadyen:

State Board of Education (Komite Edikasyon Leta Florid) te adopte nouvo reglemantasyon pou lekòlyo bay elèv k'ap fè klas 6 – 12, yon minimòm senkè (5è) enstriksyon ki trete kesyon sansibilizasyon sou sante mantal ak èd pou jenn-yo, itilizasyon ak abi dwòg, epitou priz de konsyans sou trafik imen. Chak ane, enstriksyon an ofri nouvo konesans ki apwopriye e adapte selon laj elèv-yo. Enstriksyon an dwe adrese sijè ak kesyon sa-yo:

- Rekonèt siy ak sentòm maladi mantal
- Prevansyon maladi ak pwoblèm mantal
- Ogmante sansibilizasyon sou sante mantal ak ki asistans ki disponib
- Kijan pou diminye stigma ki kreye otou maladi mantal
- Konnen kote pou w jwenn resous, resous nan lekòl zòn-nan ak resous kominotè
- Pwosedi pou swiv nan aksè pou tretman
- Estrateji pou devlope teknik ki va ede w fè fas a yon sitiyoasyon
- Estrateji pou ede yon kamarad, zanmi, oswa manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante mantal
- Prevansyon swisid, anpeche yon moun tiye tèt li; epi
- Prevansyon abi ak adiksyon alkòl, nikotin, epi dwòg

Nan kad angajman pou edike elèv jodi pou reyisi non mond demen, Lekòl Piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)*, ap ofri elèv nou-yo yon kourikoulòm ki foki sou sante mantal ak sante emosyonèl. Enstriksyon sa foki sou devlope yon anviwonman ki ofri sekirite ak aprantisay estimilan ki va pèmèt elèvyo epanwi tan nan domenn akademik ak sosyal. Kourikoulòm-la prepare pou ankouraje entèaksyon ant elèv nan diskisyon sijè ki gen enpòtans, prepare pou ofri elèv-yo opòtinite dekri epi konprann emosyon ak konpòtman, epitou bati konfyans pou fè chwa pozitif, ki bon pou lasante.

Diran yon jounen lekòl, elèv-yo ka pran klas kourikoulòm-la. Regleman an pa prevwa okenn egzansyon pou klas-la. Sepandan, tout materyèl edikatif va disponnib sou Canvas; elèv ki absan ka jwenn aksè nan klas-la sou Canvas oswa elèv ka ale sou sit-la pou revwa ki resous ki disponib.

Paran va pwofite de opòtinite sa pou fè konvèsasyon ak pitit-li osijè sante mantal ak sante emosyonèl. Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou sa pitit-ou va aprann nan klas ki gen rapò ak sante mantal, tanpri vizite sit: <https://www.browardschools.com/mentalhealthinstruction>.

Sensèman,

Dr. Sherri N. Wilson, Principal